



Non epi Enfòmasyon Kontak ASAP

Fòm Konsantman ak Divilgasyon Aplikan an

Pou kapab bay Sèvis Swen Lakay (Home Care Services) sou Pwogram Swen Lakay (Home Care Program) Massachusetts la, Pwen Aksè Sèvis pou Granmoun Aje (Aging Services Access Point, ASAP) dwe kolekte enfòmasyon pèsonèl ak sante pou detèmine si w elijib pou sèvis ak kowòdinasyon swen. Yo ka kontakte manm fanmi yo, pwofesyonèl swen sante yo ak òganizasyon sèvis kominotè ki ka patisipe nan swen ou yo tou pou yo ka kowòdone sèvis ou yo. Tout enfòmasyon yo kolekte yo ap rete konfidansyèl daprè egzijans Lwa Jeneral Massachusetts yo. Pou yo ka ba ou swen sifizan epi apwopriye, pati sa yo ka gen aksè nan enfòmasyon enpòtan sou ou:

- pèsonèl/kontraktyèl apwopriye ki soti nan ASAPs, Sèvis Moun ki gen Anpil Laj (Elder Affairs) oswa founisè nan bi pou bay ak jere sèvis ou yo;
- MassHealth, si l ap peye pou kèk nan sèvis ou yo; epi
- moun ki ka patisipe nan swen ou pou yo ka konprann bezwen ou yo. Enfòmasyon an gendwa gen ladann non w, adrès, nimewo telefòn ou, kontak ijans, lòt manm nan kay la, kondisyon sante, kapasite pou fè travay chak jou, kantite èd fanmi w bay, ak kalite asistans ki nesesè.

This consent form does not cover the release of information on HIV status. (Fòm konsantman sa a pa kouvri piblikasyon enfòmasyon sou sitiyasyon VIH.) A separate form must be used for the release of information on HIV status. (Yon fòm separe dwe itilize pou bibliye enfòmasyon sou sitiyasyon VIH.)

Your Rights: (Dwa w Genyen yo) Ou gen dwa pou:

- mande kikote ak kijan yo kenbe enfòmasyon yo;
- pwoteste pou konnen ki enfòmasyon yo kolekte epi kenbe;
- gade epi kopye (sou depans ou) sa ki nan dosye ka w la;
- mande pou yo pa divilge sèten enfòmasyon bay lòt òganizasyon; epi
- mande pou yo pa kontakte sèten manm nan fanmi an.

I. Konsantman

Konsantman pou Resevwa ak kenbe Enfòmasyon (tcheke tout bon repons yo)

[] Mwen bay pèmisyon mwen pou [ASAP] pataje enfòmasyon enpòtan ki nan dosye mwen pou kowòdone sèvis mwen yo ak nenpòt nan Pwofesyonèl Swen Sante mwen yo oswa òganizasyon Sèvis Kominotè mwen yo ki ka patisipe nan swen mwen.

[] Mwen bay pèmisyon mwen pou ASAP la pataje enfòmasyon pèsònèl mwen ak/oswa lòt moun ki deziyen (yo) jan yo idantifye pi ba a.

[] Mwen pa bay pèmisyon mwen pou ASAP la pataje enfòmasyon pèsònèl mwen oswa enfòmasyon sante mwen ak moun oswa òganizasyon sa yo jan yo idantifye pi ba a.

Konsantman pou Enskripsyon ak Sèvis

[] M ap aplike nan [ASAP] pou sèvis yo ki nan lis Plan Sèvis Inisyal la ("Sèvis yo"), mwen menm ak manm pèsònèl [ASAP] ki te siyen fòm sa a epi ranpli li jodi a.

Yo te eksplike m Sèvis yo, epi yo te reponn kesyon mwen genyen yo. Mwen konprann Sèvis sa yo anaplwaye [ASAP] pral revize yo epi yo ka modifye si sa nesesè. Mwen konprann Manadjè Swen mwen an ap konsilte m sou nenpòt chanjman yo pwopoze.

Mwen pral pataje ak [ASAP] nenpòt kominote oswa swen sante ki gen rapò ak sèvis mwen resevwa.

Mwen konprann mwen ka rele [ASAP] si mwen gen plis kesyon. Mwen konprann yon manm pèsònèl [ASAP] pral vizite m ankò nan entèval obligatwa pou konfime mwen toujou elijib epi Sèvis yo ap satisfè bezwen mwen yo.

II. Resevwa Enfòmasyon

Mwen te resevwa enfòmasyon konsènan sijè yo tcheke anba a. M ap rele [ASAP] si mwen gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon sa yo.

- [] Dwa ak Responsabilite mwen kòm konsomatè (ASAP)
- [] Avi sou Pratik Konfidansyalite (avi HIPAA)
- [] Dwa pou mwen fè Apèl pou Pwen Aksè Sèvis pou Granmoun Aje
- [] Enfòmasyon sou Ijans Sante Piblik epi Sekirite
- [] Enfòmasyon sou Pwogram ak Sèvis

- [] Plan Sèvis Inisyal - Mwen te siyen epi mwen resevwa yon kopi Plan Sèvis Inisyal la, ki te kreye ak patisipasyon mwen.
- [] Lòt Enfòmasyon: _____

III. Divilgasyon Enfòmasyon sou Revni (tcheke kazyé ki apwopriye yo)

- [] Antanke moun k ap resevwa dispans MassHealth, m ap oblige bay enfòmasyon sou revni mwen; y ap konsidere revni mari oswa madanm mwen apa.
- [] Antanke moun ki pa resevwa dispans MassHealth, mwen pral oblige bay enfòmasyon sou revni mwen, ansanm ak revni mari oswa madanm mwen si sa aplikab, epi mwen ap responsab pou m peye yon pati nan depans yo jan yo idantifye pi ba a, si revni total la depase 300% nan Asirans Sekirite Sosyal To Benefis Federal (Social Security Insurance Federal Benefit Rate, SSI FBR) la.

- [] Antanke moun ki pa resevwa MassHealth, mwen pral oblige bay enfòmasyon sou revni mwen, ansanm ak revni mari oswa madanm mwen si sa aplikab, epi mwen ap responsab pou m peye yon pati nan depans yo jan yo idantifye pi ba a.

[] Mwen dakò mwen bay enfòmasyon konplè sou revni mwen. Enfòmasyon sa vrè epi kòrèk nan jan mwen konnen. Mwen dakò revni total mwen ak, si sa nesesè, revni total mari oswa madanm mwen egal (yo) \$_____. Peman m ap atann pou m fè chak mwa, si genyen, p ap depase \$_____ oswa ____%.
Mwen konprann enfòmasyon sou revni mwen ansanm ak revni mari oswa madanm mwen si sa aplikab yo pral kolekte lè gen chanjman nan revni mwen, oswa sou yon baz anyèl (chak ane).

Mwen konprann peman mwen an, si genyen, soti nan pataje pri orè yo ajiste chak ane. **I understand that the rate may be changed by Elder Affairs, and that I will be given thirty days notice of any such change. (Mwen konprann Sèvis pou Moun ki Gen Anpil Laj (Elder Affairs) ka chanje pouvantaj la, epi mwen pral resevwa yon avi trant jou sou nenpòt nan chanjman sa yo.)**

[] Mwen dakò pou m fè peman chak mwa, oswa pou m di [ASAP] si mwen pa kapab fè sa. Mwen konprann si mwen pa pataje pri ki nesesè a, sèvis mwen yo ka fini. Mwen konprann mwen ka elijib pou yon rediksyon pri pataje si depans mwen yo satisfè direktiv ki nesesè yo epi se responsabilite mwen pou m mande yon revizyon rediksyon pri nan men [ASAP].

[] M ap bay plis enfòmasyon soti nan yon lòt sous/alavni. Mwen konprann kontinyasyon sèvis yo depann de enfòmasyon mwen bay sou revni sa a epi si mwen pa dakò ak pataje pri ki asosye ak revni total mwen, ki gen ladan revni mari oswa madanm mwen si sa aplikab, sèvis sa yo ka fini.

IV. Siyati/Dat

Pou aplikan an: Lè w siyen fòm sa a, ou pèmèt ASAP pataje enfòmasyon pèsonèl ak sante ki apwopriye sou ou.

Konsomatè	Dat
Reprezantan (di ki relasyon ki genyen)	Dat
Evalyatè epi Tit	Dat